

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data nu miboga tujuan jeung mangpaat (Sugiyono, 2019, kc. 2). Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) metodé panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Sugiyono (2019, kc. 3) nétélakeun yén data nu dicangking dina panalungtikan kudu *valid, reliable* jeung *objektif*. Kagiatan panalungtikan dilakukeun dumasar kana cara ilmiah nu hartina kudu luyu dumasar ciri-ciri paélmuan, nyaéta rasional, émpiris, jeung sistematis. Salian niténan cara ilmiah, hal-hal séjén nu kudu dititénan dina kagiatan panalungtikan téh nyaéta data, tujuan, jeung mangpaat.


Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode deskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Sugiyono (2019, kc. 18) nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan nu nyoko kana filsafat postpositivisme, digunakeun pikeun nalungtik kondisi obyek alamiah, nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanna, teknik ngumpulkeun data dilakukeun kalawan triangulasi (gabungan), analisis data miboga sifat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana ma'na ti batan generalisasi. Ieu hal diwewegan ku pamadegan Bogdan (Sugiyono, 2019, kc. 316) yén udagan tina panalungtikan kualitatif lain nga saukur meunangkeun bebeneran, tapi leuwih nyoko kana pemahaman subyék kana lingkungan sabudeureunna.

Métode déskriptif mangrupa hiji cara panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal nu keur ditalungtik. Dina ieu panalungtikan nu didéskripsikeun nyaéta prak-prakan, propérti jeung bahan, peran jeung fungsi indung beurang, sarta unsur sémiotik nu aya dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang panalungtikan nu eusina mangrupa konsép pikeun nalungtik ti mimiti nangtukeun masalah nepi ka nyieun kacindekkan. Désain

panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun panalungtikan pikeun nyangking data perenahna aya di Désa Parungséah, Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi, Provinsi Jawa Barat. Lega wilayah Désa Parungséah kurang leuwih 233,215 Ha. Désa Parungséah ngawengku 4 Dusun, 12 RW di antarana RW 01 Nyangsang, RW 02 Pasir Angin, RW 03 Parungséah Lebak, RW 04 Parungséah Kulon, RW 05 Parungséah Gedé, RW 06 Parungséah Wétan, RW 07 Parungséah Lamri, RW 08 Panjalu Binong, RW 09 Kabandungan Unik, RW 10 Kantor Désa, RW 11 Panjalu Anidom, RW 12 Pesona

Rika Latina Laras, 2021


TRADISI NGAGÉDOG DI DÉSA PARUNGSÉAH KECAMATAN SUKABUMI KABUPATÉN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (ULIKAN SÉMOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pangrango, jeung 45 RT, salian ti éta Désa Parungséah ogé kaasup kana Désa Swadaya. Désa Parungséah ayana di belah wétan puseur Kabupatén Sukabumi, jarak ti Désa Parungséah ka puseur Kabupatén Sukabumi kurang leuwih 65 km, ari jarak ka puseur Kota Sukabumi kurang leuwih 2 km. Ieu dihandap mangrupa wates-wates Désa Parungseah.

Kalér : Désa Karawang, Kabupatén Sukabumi
 Kidul : Kelurahan Keramat jeung Kelurahan Selabatu, Kota Sukabumi
 Kulon : Désa Undrus Binangun jeung Désa Cipetir, Kabupatén Sukabumi
 Wétan : Désa Warnasari, Kabupatén Sukabumi

Gambar 3. 1
Péta Désa Parungséah



Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021

3.2.1 Kondisi Sosial Budaya Masyarakat Désa Parungséah

a. Cacah Jiwa

Jumlah cacah jiwa di Désa Parungséah, Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi nyaéta 10.419 jiwa, jumlah lalaki aya 5.317 jiwa, jeung jumlah awéwé aya 5.102 jiwa. Jumlah kepala keluarga di Désa Parungséah aya 3.202 KK.

Tabél 3. 1
Jumlah Cacah Jiwa

Jumlah Lalaki	5.317 jiwa
Jumlah Awéwé	5.102 jiwa
Jumlah Total (Lalaki+Awéwé)	10. 419 jiwa
Jumlah Kepala Keluarga	3.202 KK

Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021

b. Agama

Masyarakat Désa Parungséah seuseurna ngagem agama Islam. Ieu hal katitén tina ieu data di handap.

Tabél 3. 2
Agama

Agama	Jumlah
Islam	10.235 jiwa
Budha	29 jiwa
Kristen	100 jiwa
Katholik	55 jiwa

Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021

Tabél 3. 3
Sarana Ibadah

Jenis Sarana	Jumlah (Buah)
Masjid	16 buah

Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021

c. Atikan

Ditilik tina segi atikan, mayoritas masyarakat Désa Parungséah lulusan SMA, tapi teu saeutik ogé nu lulusan S1 malahan mah aya nu nepi ka S3. Éta hal katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3. 4*Atikan*

Atikan	Jumlah
Jumlah penduduk usia 3-6 taun nu asup TK jeung PAUD	366 orang
Jumlah penduduk sakola SD/ sederajat	1174 orang
Jumlah penduduk tamat SD/ sederajat	1892 orang
Jumlah penduduk sakola SMP/ sederajat	813 orang
Jumlah penduduk tamat SMP/ sederajat	1784 orang
Jumlah penduduk sakola SMA/ sederajat	675 orang
Jumlah penduduk tamat SMA/ Sederajat	2324 orang
Jumlah penduduk tamat D-2	65 orang
Jumlah penduduk tamat D-3	135 orang
Jumlah penduduk tamat S-1	279 orang
Jumlah penduduk tamat S-2	33 orang
Jumlah penduduk tamat S-3	6 orang
Jumlah penduduk sakola SLB A	4 orang
Jumlah penduduk sakola SLB B	4 orang
Jumlah penduduk sakola SLB C	3 orang

*Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021***d. Pakasaban**

Pakasaban masarakat di Désa Parungséah dominan ku buruh harian lepas. Disagédéngéun éta, aya ogé sababaraha pakasaban séjén nu bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabél 3. 5*Pakasaban Masarakat Désa Parungséah*

Pakasaban	Jumlah
Mengurus Rumah Tangga	1761
Pegawai Negeri Sipil	212
TNI	3
Polri	12
Perdagangan	476
Petani/Pekebun	318
Peternak	338
Karyawan Swasta	656
karyawan Honorer	350
Buruh Harian Lepas	896
Buruh Tani/Perkebunan	220
Wiraswasta	749
Bidan	2

Rika Latina Laras, 2021

TRADISI NGAGÉDOG DI DÉSA PARUNGSEAH KECAMATAN SUKABUMI KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN
BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (ULIKAN SÉMOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dokter	10
Usaha Séjénna	367

Sumber: Monografi Desa Parungséah 2021

e. Basa

Basa nu digunakeun di Désa Parungséah ngagunakeun basa Sunda jeung basa Indonésia. Basa Sunda sok dipaké ku masarakat pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé jeung papada urang Sunda. Basa Indonésia dipaké ku masarakat nalika komunikasi jeung nu lain urang Sunda.

f. Kasenian



Unggal daérah tangtuna miboga kasenian séwang-séwang nu masih lumaku di éta daérah. Kaasup di Désa Parungséah, kasenian digunakeun pikeun sarana hiburan masarakatna sakaligus jadi wadah pikeun ngébréhkeun minat jeung bakat masarakat Désa Parungséah. Kasenian nu masih lumaku di Désa Parungséah nyaéta kasenian jaipong jeung pencak silat di padépokan Al-Fath.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subyéik nu méré informasi ngeunaan data nu baris ditalungtik, boh ngaliwatan wawancara, obsérvasi, atawa dokuméntasi. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 286) sumber data dina panalungtikan kualitatif disebut narasumber. Dina ieu panalungtikan, nu jadi narasumber nyaéta indung beurang. Salian ti éta, narasumber lain atawa informan nu dijadikeun sumber pikeun ngalengkepan data nyaéta ibu-ibu nu kungsi ngalaksanakeun Tradisi Ngagédog.

Tabél 3. 6
Data Narasumber jeung Informan

No.	Foto	Data Narasumber jeung Informan
1.		<p>Wasta : Didah Faridah Yuswa : 65 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Indung Beurang Padumukan : Jl. Parungséah gang puyuh RT.02 RW.06 Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi</p>
2.		<p>Wasta : Rusmawati Yuswa : 45 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Indung Beurang Padumukan : Jl. Parungséah gang puyuh RT.02 RW.06 Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi</p>
3.		<p>Wasta : Riza Dewi Zuhijjah Yuswa : 31 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Guru Padumukan : Jl. Parungséah RT.04 RW.06 Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi</p>

4.		<p>Wasta : Ida Farida Yuswa : 65 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Wirausaha Padumukan : Jl. Parungséah RT.04 RW.06 Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi</p>
5.		<p>Wasta : Léli Yulawati Yuswa : 39 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Ibu Rumah Tangga Padumukan : Jl. Parungséah RT.04 RW.06 Kecamatan Sukabumi, Kabupatén Sukabumi</p>

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data diperlukeun pikeun nyangking data dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 296) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu utama dina panalungtikan pikeun nyangking data, sabab panalungtik moal bisa nyangking data nu luyu jeung standarisasi data nu ditangtukeun saupama henteu nyangkem kana téhnik ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data bisa ngagunakeun rupa-rupa *setting*, rupa-rupa sumber, jeung rupa-rupa téhnik. Sugiyono (2019, kc. 297) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan kualitatif dilaksanakeun sacara *natural setting* (kondisi nu alamiah), sumber data primer, jeung téhnik ngumpulkeun data nu leuwih nyoko kana obsérvasi berperanserta (*participant observation*), wawancara, jeung dokumentasi.

Rika Latina Laras, 2021

TRADISI NGAGÉDOG DI DÉSA PARUNGSEAH KECAMATAN SUKABUMI KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (ULIKAN SÉMOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tehnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Obsérvasi

Obsérvasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta obsérvasi partisipatif. Dina obsérvasi partisipatif panalungtik kalibet dina kagiatan nu keur ditalungtik, panalungtik bisa ngarasakeun suasana nu lumangsung dina kagiatan nu ditalungtikna. Ngaliwatan ieu obsérvasi partisipan, data nu dicangking leuwih lengkep, nepi ka panalungtik bisa nyangkem ma'na tina unggal paripolah nu nyampak dina éta kagiatan (Sugiyono, 2019, kc. 298). Ieu hal diwewegan ku pamadegan Susan Stainback (dina Sugiyono, 2019, kc. 299) yén dina obsérvasi partisipatif, panalungtik leuwih merhatikeun paripolah nu keur dipigawé, ngaregepkeun nu keur diucapkeun, jeung kalibet dina aktivitas kagiatan nu aya dina panalungtikan.

2) Wawancara

Téhnik nu kadua nyaéta ngagunakeun wawancara. Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2019, kc. 304) wawancara mangrupa kagiatan patepungna dua jalma pikeun silih tukeur informasi jeung ide ngaliwatan tanya jawab, nepi ka bisa dikonstruksikeun ma'na dina topik nu tangtu. Ku ngaliwatan wawancara, panalungtik bisa nyangking informasi nu leuwih teleb boh ngeunaan narasumberna boh ngeunaan objek nu ditalungtikna. Wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara terstruktur. Panalungtik nuliskeun instrumén panalungtikan dina wangun pertanyaan. Instrumen panalungtikan dijadikeun pedoman pikeun nyangking informasi nu leuwih teleb ti narasumber nalika ngalakukeun panalungtikan.

3) dokuméntasi

Téhnik nu katilu nyaéta dokuméntasi. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sagala hal nu aya patalina jeung Tradisi Ngagédog.

3.3.2 Instrumén panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan ngagampangkeun nalika nalungtik jeung ngolah data (Arikunto, 2010, kc. 203). Instrumen panalungtikan dipaké ku

panalungtik pikeun dijadikeun alat keur nalungtik. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kaméra foto, *Handphone*, buku catetan, jeung pedoman wawancara.

a. Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kagiatan jeung properti ogé bahan-bahan nu dipaké dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kabupatén Sukabumi.

b. Handphone

Handphone digunakeun panalungtik pikeun ngadokuméntasikeun dina wangun vidio ngeunaan prak-prakan kagiatan Tradisi Ngagédog. Salian ti éta, handphone digunakeun pikeun ngarékam obrolan-obrolan nalika wawancara jeung narasumber.

c. Buku Catetan

Buku catetan digunakeun pikeun nyatet hal-hal nu aya patalina jeung Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kabupatén Sukabumi.

d. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking data ti narasumber sacara lisan ngaliwatan patalékan-patalékan nu disiapkeun ti anggalna. Ieu pedoman wawancara digunakeun pikeun jadi cecekan panalungtik nalika ngayakeun wawancara jeung narasumber sangkan teu jauh tina udagan nu baris dihontal.

Tabél 3. 7
Biodata Narasumber

Biodata	
Wasta	:
Yuswa	:
Wandabaga	:
Pakasaban	:
Padumukan	:

Tabél 3. 8*Pedoman Wawancara*

Pedoman Wawancara

1. Naon ari Tradisi Ngagédog téh?
2. Ti iraha mimiti dilaksanakeun Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah?
3. Iraha dilaksanakeunna Tradisi Ngagédog?
4. Di mana tempat dilaksanakeunna Tradisi Ngagédog?
5. Ti jam sabaraha dugi ka jam sabaraha éta Tradisi Ngagédog dilaksanakeun?
6. Tos sabaraha generasi nu ngalaksanakeun Tradisi Ngagédog téh?
7. Naon tujuan jeung mangpaat diayakeun Tradisi Ngagédog?
8. Saha nu mingpin Tradisi Ngagédog?
9. Runtuyan kagiatan naon waé nu aya dina Tradisi Ngagédog?
10. Properti naon waé nu digunakeun dina Tradisi Ngagédog?
11. Bahan-bahan jeung properti naon waé nu digunakeun nalika ngadamel rujak kanitrén dina Tradisi Ngagédog?
12. Naon maksud jeung tujuan nyieun rujak kanitrén téh?
13. Naon fungsi tina bahan-bahan jeung properti nu digunakeun dina Tradisi Ngagédog?
14. Kumaha prak-prakan ngadamel rujak kanitrén dina Tradisi Ngagédog?
15. Saha waé nu bisa mantuan ngadamel rujak kanitrén?
16. Sabaraha lila waktu nu dibutuhkeun dina ngadamel rujak kanitrén?
17. Naon tujuan ngadamel rujak kanitrén dina Tradisi Ngagédog?
18. Doa naon waé nu dibacakeun nalika hadorohan?
19. Saha waé nu baris dipasihan hadorohan?
20. Kumaha prak-prakan Tradisi ngagédog?
21. Kumaha nangtukeun wedal pikeun nangtukeun sodakoh artos nu baris disawérkeun dina Tradisi Ngagédog?
22. Kumaha peran jeung fungsi indung beurang dina Tradisi Ngagédog?
23. Unsur Sémiotik naon waé nu nyangkaruk dina Tradisi Ngagédog?
24. Sabada dibenerkeun ku indung beurang, posisi orok tos merenah atanapi teu

acan merenah?

*Saupama waleran teu acan merenah

25. Sabaraha kali sumping ka indung beurang pikeun dibenerkeun posisina?

26. Nalika ngalahirkeun, posisina tos saé atanapi masih kénéh teu saé?

*Saupama waleran tos merenah

27. Naon mangpaat nu dirasakeun sabada réngsé ngalaksanakeun Tradisi Ngagédog?

3.4 Téhnik Ngolah Data

Data-data panalungtikan nu geus kacangking ngaliwatan téhnik ngumpulkeun data saterusna diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan hasil data panalungtikan nu geus kakumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data tina hasil panalungtikan nu luyu jeung masalah nu aya dina rumusan masalah;
- 3) Nganalisis unsur sémiotik nu aya dina Tradisi Ngagédog;
- 4) Nyieun kacindekan.

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Nurutkeun Sugiyono (Sugiyono, 2019, kc. 320) analisis data mangrupa prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis dumasar kana hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara ngelompokeun data kana kategori, ngajéntrékeun kana unit-unit, jeung nyieun kacindekan sangkan bisa dicangkem boh ku diri sorangan boh ku jalma séjén.